

# Deklarasyon Dwa Pasyan

**Lè ou se yon pasyan ki nan yon lopital Eta New York, ou gen dwa, ki annamoni avèk lalwa, pou:**

- (1) Konprann dwa sa yo, epi sèvi avèk yo. Si pou nenpòt rezon ou pa konprann, oswa si ou bezwen èd, lopital la DWE ba ou asistans, tankou yon entèprèt.
- (2) Resevwa tretman san diskriminasyon poutè ras, koulè, reliyon, sèks, peyi kote w soti, enfimite, oryantasyon seksyèl, sous peman oubyen laj.
- (3) Resevwa swen avèk konsiderasyon ak respè nan yon anviwònman ki pwòp ak pwoteje san okenn restriksyon ki pa nesesè.
- (4) Resevwa swen dijans si w bezwen sa.
- (5) Jwenn enfòmasyon sou non ak pòs travay doktè k ap responsab pou ba ou swen sante nan lopital la.
- (6) Konnen non, pòs travay ak fonksyon nenpòt anplwaye lopital la ki patisipe nan ba ou swen, epi refize resevwa tretman anplwaye sa yo, egzamen yo oswa obsèvasyon yo.
- (7) Idantifye yon moun pou pran swen w ki pou patisipe nan planifikasyon egzeyat ou epi ki pou bay enfòmasyon sou swen sante ou oswa sou enstriksyon yo apre egzeyat ou.
- (8) Resevwa tout enfòmasyon ou bezwen sou dyagnostik, tretman ak pwonostik sou sante w.
- (9) Resevwa tout enfòmasyon ou bezwen anvan ou bay yon konsantman eklere pou nenpòt pwosedi oswa nenpòt tretman yo pwopoze fè. Enfòmasyon sa yo dwe gen ladan risk ak avantaj posib pwosedi a oswa tretman an.
- (10) Resevwa tout enfòmasyon ou bezwen anvan ou bay yon konsantman eklere pou lòd pou yo pa fè reyanimasyon pou ou. Ou gen dwa tou pou chwazi yon moun pou bay konsantman sa a pou ou si ou twò malad pou fè sa. Si ou ta renmen jwenn lòt enfòmasyon, tanpri mande yon kopi tiliv ki rele "Deciding About Health Care --- A Guide for Patients and Families" (Desizyon Konsènan Swen Sante — Yon Gid pou Pasyan yo ak Fanmi yo).
- (11) Refize tretman epi pou yo di w ki efè sa ka gen sou sante w.
- (12) Refize patisipe nan rechèch. Nan deside si pou patisipe oswa pou pa patisipe, ou gen dwa pou jwenn yon eksplikasyon an detay.
- (13) Yo respekte entimite w pandan ou nan lopital la, ak konfidansyalite tout enfòmasyon ak dosye konsènan swen sante w.
- (14) Patipise nan tout desizyon k ap pran sou tretman ak egzeyat ou nan lopital la. Lopital la dwe ba ou yon plan egzeyat alekri ak deskripsyon alekri ak yon deskripsyon alekri sou fason ou kapab konteste egzeyat ou.
- (15) Gade dosye medikal ou san ou pa bezwen peye. Jwenn yon kopi dosye medikal ou kote lopital la kapab fè ou peye yon frè ki rezonab. Ou pa kapab jwenn refi pou yon kopi sèlman paske ou kapab peye li.
- (16) Resevwa yon bòdwo detaye, ak eksplikasyon tout frè yo mande w peye yo.
- (17) Wè yon lis frè nòmal lopital la reklame pou atik ak sèvis ak plan sante kote lopital la se yon patnè.
- (18) Ou gen dwa pou konteste bòdwo ou pa t espere nan pwosesis Rezolisyón Konfli Endepandan.
- (19) Pote plent, san w pa pè reprezay pou swen ak sèvis w ap resevwa yo, epi fè lopital la reponn ou, e pou lopital la ba ou yon repons alekri si w mande sa. Si ou pa satisfè avèk repons lopital la, ou kapab pote plent nan New York State Department of Health. Lopital la dwe ba ou nimewo telefòn Depatman Sante a.
- (20.) Otorize manm fanmi w ak lòt adilt ki pral resevwa priyorite pou vizit, selon kapasite w pou resevwa vizitè.
- (21) Fè konnen volonte w sou kesyon don ògàn. Moun ki gen sèzan oswa plis ka dokimante konsantman yo bay pou fè don ògan yo., jye, tisi, lè yo mouri nan enskri nan NYS Donate Life Registry oswa kapab dokimante konsantman yo pou fè don ògan ak/oswa tisi yo alekri nan plizye fason( pa egzanp yon prokirasyon swen sante, testaman, kat donatè, oswa kèk lòt papye siyen). Prokirasyon swen sante yo disponib nan lopital la.

Lwa sou Sante Biblik (Public Health Law, PHL) 2803, (1)(g)Patient's Rights, 10NYCRR, 405.7,405.7(a)(1),405.7(c)